

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan, jeung analisis data ngeunaan média *photostory* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak, bisa dicindekkeun yén: Kamampuh nulis sajak siswa kelas VII 14 SMP Negeri 9 Bandung taun ajaran 2013/2014 saméméh ngagunakeun média *photostory* téh can mampuh. Ieu hal bisa katiten tina rata-rata nilaina nya éta 56,6. Aya lima aspék nu dipeunteun, nya éta: aspék nu kahiji nya éta diksi (pilihan kecap), rata-rata skorna 2,6, ieu kaasup kana katégori kurang; aspék nu kadua nya éta implengan/pengimajian, rata-rata skorna 2,9, ieu kaasup kana katégori kurang; aspék nu katilu nya éta gaya basa, rata-rata skorna 2,5, ieu kaasup kana katégori kurang; aspék nu kaopat nya éta téma, rata-rata skorna 3,05, ieu kaasup kana katégori cukup; jeung aspék nu kalima nya éta amanat, rata-rata skorna 3,02, ieu kaasup kana katégori cukup. Kamampuh nulis sajak siswa kelas VII 14 SMP Negeri 9 Bandung taun ajaran 2013/2014 sabada ngagunakeun média *photostory* téh mampuh. Ieu hal bisa katiten tina rata-rata nilaina nya éta 76,6. Aya lima aspék nu dipeunteun, nya éta: aspék nu kahiji nya éta diksi (pilihan kecap), rata-rata skorna 3,4, ieu kaasup kana katégori cukup; aspék anu kadua nya éta aspék implengan/pengimajian, rata-rata skorna 3,8, ieu kaasup kana katégori cukup; aspék nu katilu nya éta gaya basa, rata-rata skorna 3,4, ieu kaasup kana katégori cukup; aspék nu kaopat nya éta téma, rata-rata skorna 4,1, ieu kaasup kana katégori alus; jeung aspék nu kalima nya éta amanat, rata-rata skorna 4,3, ieu kaasup kana katégori alus. Aya ngaronjatna kamampuh nulis sajak siswa kelas VII 14 SMP Negeri 9 Bandung taun ajaran 2013/2014 antara saméméh jeung sabada ngagunakeun média *photostory*. Rata-rata pratés 56,6 ngaronjat jadi 76,6 dina postés. Aspék diksi (pilihan kecap), rata-rata skor pratés 2,6, ngaronjat dina postés jadi 3,4; aspék implengan/pengimajian, rata-rata skor pratés 2,9, ngaronjat dina postés jadi 3,8; aspék gaya basa, rata-rata skor pratés 2,5, ngaronjat dina postés jadi 3,4; aspék téma, rata-rata skor pratés 3,04, ngaronjat dina postés jadi 4,1; aspék amanat, rata-

rata skor pratés 3,02, ngaronjat dina postés jadi 4,3. Aya béda anu katitén dina ngaronjatna kamampuh nulis sajak siswa antara saméméh jeung sabada ngagunakeun média *photostory* ka siswa kelas VII 14 SMP Negeri 9 Bandung taun ajaran 2013/2014. Ieu dibuktikeun dina uji hipotésis. Dumasar kana hasil data yén $t_{itung} (10,1) > t_{tabél} (2,44)$, hartina hipotésis kerja (H_a) ditarima jeung hipotésis nol (H_0) ditolak. Hartina média *photostory* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak.

5.2 Saran

Dumasar kana panalungtikan anu geus dilaksanakeun, aya sababaraha saran anu ditepikeun, nya éta saperti ieu di handap:

1) Pikeun Pikeun Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda

Dumasar kana hasil panalungtikan, média *photostory* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis. Ku kituna ieu média bisa dijadikeun salah sahiji alternatif média pangajaran nulis, khususna dina pangajaran nulis sajak.

2) Pikeun Guru

Saumpama guru rék maké média *photostory* dina pangajaran, hal-hal nu kudu diperhatikeun téh guru kudu bisa milih gambar luyu jeung pangajaran nu rék di tepikeun. Siswa SMP anu masih perlu bimbingan dina kagiatan nulis, alusna mah tong dipaksa pikeun ngébréhkeun gagasan anu salengkep-lengkepna, dumasar kana pangaweruh jeung kamampuana sorangan, tapi kudu dibantuan ku cara ngalengkepan gagasan éta ngaliwatan cara anu bisa ngamotékarkeun imajinasi. Dina ieu hal ngagunakeun gambar mangrupa hal anu merenah.

3) Pikeun Panalungtik jeung nu maca

Ayana panalungtikan nu leuwih ngeunaan média *photostory* pikeun matéri nu liana bisa leuwih ngabuktikeun kaéfektifan éta média